ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№125 (23.783) ● 2018 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 13, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэр ЩІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ федеральнэ агентствэм и унафэщІым хуозэ



**Москва лэжьыгъэ ІуэхукІэ щызэхуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбекрэ ЩІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ федеральнэ агентствэм и унафэщІ Бугаев Александррэ.**

АХЭР ТЕПСЭЛЪЫХЬАЩ къэрал щІалэгъуалэ политикэм зегъэужьыным, щІалэгъуалэ жэрдэмымрэ инновацэ проектхэмрэ дэІыгъыным, щІалэгъуалэр лэжьапІэкІэ къызэгъэпэщыным япыщІа Іуэхухэм. Абыхэм, нэгъуэщІ унэтІыныгъэ зыбжанэм гулъытэ хэха хуащІынущ дызыхуэкІуэ илъэс гъунэгъухэм.

*КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.*



## КІуэкІуэ К. В. иригъэкІуэкІащ Урысейм и Президентым «2024 гъэм нэсыху Урысей Федерацэм зегъэужьынымкІэ лъэпкъ мурадхэмрэ стратегие къалэнхэмрэ я ІуэхукІэ» накъыгъэ мазэм къыдигъэкІа Указыр гъэзэщІэным теухуа зэІущІэ

**КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и унафэщІхэм я зэІущІэ япэу иригъэкІуэкІащ «2024 гъэм нэсыху Урысей Федерацэм зегъэужьынымкІэ лъэпкъ мурадхэмрэ стратегие къалэнхэмрэ я ІуэхукІэ» УФ-м и Президент Путин В. В. накъыгъэ мазэм къыдигъэкІа Указыр гъэзэщІэным теухуауэ.**

«ДЭ ЩІЭРЫЩІЭУ дыхэплъэжын хуейщ лъэпкъ проекту 12 зэхэлъхьэнымрэ ахэр гъэзэщІэнымрэ дызэрыхэтым кърикІуахэм», - къыхигъэщхьэхукІащ КІуэкІуэ Казбек.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Мусуков А. ТІ. къигъэлъэгъуащ дэтхэнэ лъэпкъ проектми теухуауэ зыхуэфащэ бжыгъэхэр зэраубзыхуар, ахъшэу зыхуеинур къызэрабжар. Абы и фІыщІэкІэ федеральнэ центрым къыщыхалъхьащ «Демографие», «Узыншагъэр хъумэныр», «Егъэджэныгъэ», «ПсэупІэмрэ къалэм щыщыІэ щытыкІэмрэ», «Экологие», «Шынагъуэншэу щыт икІи фІагъ зиІэ автомобиль гъуэгухэр», «Лэжьыгъэм къыпэкІуэ хъерымрэ лэжьапІэ ІэнатІэхэр къызэгъэпэщынымрэ», «Бжыгъэхэр зи лъабжьэ экономикэр», «Щэнхабзэ», «Хьэрычэт ІэнатІэ мыинымрэ курытымрэ», «Къэрал зэхуаку кооперацэмрэ экспортымрэ» унэтІыныгъэхэмкІэ зэфІагъэкІынухэр.

Лъэпкъ проектхэмрэ программэхэмрэ зэрагъэзащІэм тэмэму кІэлъыплъын, къэрал властым и органхэмрэ щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэмрэ я лэжьыгъэр зэрагъэуІун папщІэ республикэм и Правительствэм игъэхьэзыращ КъБР-м и Іэтащхьэм и деж Стратегие зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкІэ совет къыщызэгъэпэщыным теухуа указым и проектыр.

ЗэІущэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэ КІэрэф М. А., КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэхэу Къардэн М. Н., Мовсисян Г. О., КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ - инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ министр Бэлэтокъуэ В. Хь., КъБР-м щІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министр Шаваев И. П. сымэ.

*КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.*

# Гулъытэ хэха хуащІ

**Налшык къалэ дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм дыгъуасэ щызэхэтащ ЕгъэджакІуэхэм я махуэм иращІылІа зэхыхьэ гуапэ.**

ІЭЩІАГЪЭ мытыншым теухуа усэхэмкІэ, уэрэдхэмкІэ пшыхьыр къызэІуахащ ЩІалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ я творчествэмкІэ республикэ уардэунэм и гъэсэнхэм. АдэкІэ зэІущІэр езыгъэкІуэкІхэм къызэхуэсахэм фІэхъус гуапэ ирахри, къеблэгъа хьэщІэхэм я цІэхэр кърaІуащ.

ЗэІущІэм кърихьэлІат Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **КІуэкІуэ Казбек**, КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ **Мусуков Алий**, КъБР-м и Правительствэм, Парламентым я лІыкІуэхэр, КъБР-м ЦІыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министерствэм и лэжьакІуэхэр, къалэхэм, щІыналъэм и щІыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт еджапІэхэм я ректорхэр, курыт еджапІэхэм я унафэщІхэр, нэгъуэщІ куэди.

Къызэхуэсахэм псалъэкІэ захуигъэзэну утыкум кърагъэблэгъа КІуэкІуэ Казбек жиІащ:

- Си гум къыбгъэдэкІыу сынывохъуэхъу фи махуэмкІэ, ди егъэджакІуэ лъапІэхэ. Дэ псоми дощІэ егъэджакІуэ ІэщІагъэм ухуеджа мыхъуу, укъыхуигъэщІауэ щытын зэрыхуейр. Ди республикэм щопсэу икІи щолажьэ а ІэщІагъэр зи псэм хэлъ, зи ехъулІэныгъэхэмкІэ цІэрыІуэ хъуа, зи гугъуехьхэм гулъытэ ягъуэта егъэджакІуэфІ куэд. ФІыщІэ ин яхуэфащэщ егъэджэныгъэ Іуэхум илъэс куэд щІауэ телажьэ, сабийхэр ирагъаджэм и мызакъуэу, егъэджакІуэ ІэнатІэм пэрыувагъащІэхэм езыхэм я гъэунэхуныгъэхэмкІэ ядэгуашэ ІэщІагъэлІхэм. Щхьэщэ фхудощІ зи къарури, зи зэманри, зи гъащІэри мы лэжьыгъэ мытыншым тегъэпсыхьахэм.

Я лэжьыгъэм, гъащІэм ехъулІэныгъэхэр щаІэну ехъуэхъури, нэхъыбэрэ зи цІэр фІыкІэ къэІуа, къыхэжаныкІа егъэджакІуэхэр игъэлъэпІащ.

Илъэс куэд щІауэ егъэджэныгъэ лэжьыгъэм пэрыт, къыдэкІуэтей щІэблэм гъэсэныгъэ етыным псэемыблэжу зэрытелажьэм папщІэ КъБР-м и ЩІыхь тхылъыр хуагъэфэщащ Прохладнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм ЩІэныгъэмкІэ и управленэм и унафэщІым и къуэдзэ Золко Татьянэ; «КъБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэр фІащащ Каменномост къуажэм дэт 2-нэ курыт еджапІэм и унафэщІ Мэргъущ ФатІимэт, Гундэлэн дэт 1-нэ курыт еджапІэм балъкъэрыбзэмрэ литературэмкІэ щезыгъаджэ Газаевэ Аслъижан, Жэмтхьэлэ къуажэм дэт 1-нэ курыт еджапІэм урысыбзэмрэ литературэмкІэ щезыгъаджэ Къардэн Елизаветэ сымэ.

АдэкІэ махуэшхуэм хуагъэхьэзыра концертым пащащ. Пшыхьыр гукъинэж пщащІу утыкур зыгъэбжьыфІахэм ящыщщ «Кабардинка», «Балкария» къэрал академическэ ансамблхэр, КъБКъУ-м и джэгуакІуэ-уэрэджыІакІуэ «Амикс», къэфакІуэ «Каллисто» гупхэр, «Бзэрабзэ» уэрэджыІакІуэ гупыр, уэрэджыІакІуэхэу Бэч Азэмэт, Беслъэней Ренатэ, Жабоевэ Замирэ, Журт Дианэ сымэ.

**ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.**



● Хъуэхъу

## Мыхьэнэшхуэ зиІэ ІэнатІэ

ПщІэ зыхуэсщІ ныбжьэгъухэ!

Фи ІэщІагъэм теухуа махуэшхуэмкІэ - Мэкъумэш хозяйствэмрэ мэкъумэшхэкІхэм елэжь промышленностым и лэжьакІуэхэмрэ я махуэмкІэ сынывохъуэхъу.

Нобэ мэкъумэш-промышленнэ комплексыр республикэм и экономикэм нэхъ жыджэру зызыужь и ІэнатІэхэм ящыщщ. Илъэс къэс хохъуэ мэкъумэшхэкІ лІэужьыгъуэ нэхъыщхьэу кърахьэлІэхэм, абыхэм зэрелэжь щІыкІэр йофІакІуэ лэжьэкІэщІэм тегъэпсыхьа технологие пэрытхэр къызэрагъэсэбэпым и хьэкъкІэ. Къуажэхэм, губгъуэхэмрэ Іэщ фермэхэмрэ, мэкъумэшхэкІхэм пылъ ІуэхущІапІэхэм щылажьэ псоми фІыщІэ фхуэсщІыну сыхуейщ фи ІэнатІэ гугъум, ауэ икъукІэ мыхьэнэшхуэ зиІэм папщІэ.

Мыхьэнэшхуэ иІэщ ехъулІэныгъэхэр щІэгъэбыдауэ адэкІэ кІуэтэным, къэуат зыщІэлъ ерыскъы къабзэ къыщІэгъэкІыным, ерыскъыпхъэхэм щІэм тету елэжьыным хуэкІуэным, къэралми дуней псоми сату щыщІынымкІэ щытІыгъ увыпІэхэр гъэбыдэным, къуажэхэм псэуныгъэ и лъэныкъуэкІэ щыщыІэ щытыкІэхэр егъэфІэкІуэным.

Шэч къытесхьэркъым фи щІэныгъэхэр, лэжьыгъэ и пІалъэ зэрыфщІэр, вбгъэдэлъ зэчиймрэ фыкъыщалъхуа щІым хувиІэ лъагъуныгъэмрэ республикэм и мэкъумэш ІэнатІэр иджырей мардэхэм изагъэу икІи езым хуэдэхэм ехьэехуэфу щытынымкІэ сэбэп зэрыхъунум.

ЕхъулІэныгъэ, узыншагъэ, насыпрэ зэІузэпэщыгъэрэ фиІэну си гуапэщ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ К. В.**

## Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек Гу узыфэхэм щеІэзэ республикэ центрым щыІащ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек дыгъуасэ щыІащ Республикэ кардиологие центрым икІи абы щыІущІащ лэжьыгъэ ІуэхукІэ республикэм къэкІуа, Гу-лъынтхуэ хирургиемкІэ центру Бакулев А. Н. и цІэр зезыхьэм и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыщхьэ, профессор Бокерие Ольгэ.**

БАКУЛЕВ А. Н. и цІэр зезыхьэ медицинэ щІэныгъэ-къэхутакІуэ центрым 2017 гъэм и щэкІуэгъуэ мазэ лъандэрэ щакІэлъыплъащ сымаджэ 1500-м хуэдизым. Я узыншагъэр зыхуэдэр адэкІи къапщытэу Центрым щагъэхъужын мурадкІэ цІыху 400 къыхахащ.

Технологие лъагэхэр зи лъабжьэ ІэзэкІэхэр щІыналъэм зэрыщыхапщам и фІыгъэкІэ, гу-лъынтхуэ узыфэхэм илІыкІхэм я бжыгъэр нэхъ мащІэ хъуащ.

КІуэкІуэ Казбек Бокерие Ольгэ, Гу-лъынтхуэ хирургиемкІэ центру Бакулев А. Н. и цІэр зезыхьэм и унафэщІхэм фІыщІэ яхуищІащ я деж Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэм кардиологие дэІэпыкъуныгъэфІ зэрыщагъуэтым папщІэ.

*КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.*

## Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэр Чувашием къыщыхъуа гъуэгу щІэщхъум хэкІуэдахэм я Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуогузавэ

«Хуабжьу гущІыхьэ сщыхъуащ автобус цІыкІум иса цІыхухэр гуузу зэрыхэкІуэдам теухуа хъыбарыр. СынолъэІу сазэрыхуэгузавэр, я гуауэр зэрызыхэсщІэр хэкІуэдахэм я благъэхэмрэ Іыхьлыхэмрэ, апхуэдэу фэбжь зыгъуэтахэм схуажепІэжыну», - итщ Чуваш Республикэм и Іэтащхьэ Игнатьев М. В. хуэгъэза телеграммэм.

*КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.*

● Обозревателым и псалъэ

# Абы нэхъыщхьэ щыІэкъым

## 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13 - 14-хэм Налшык къыщыхъуахэм ятеухуауэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэм ящыщ куэдым зэи ящыгъупщэжынукъым а махуитІыр. Пэжщ, ахэр дыгъэпсу, уи гур хьэуа къабзэм зыІэпишэу щытащ, арщхьэкІэ дэрэжэгъуэ псори пІэпигъэхурт адэкІэ-мыдэкІэ къыщылъалъэ автоматышэхэм. Щыхьэрыр Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм хыхьэжа хуэдэт.**

ДЭ, СЫТ ЩЫГЪУИ хуэдэу, ди лэжьапІэм и чэзум декІуэлІат. ЗанщІэу зэхыдох къэхъуар: боевикхэр щыхьэрым и хабзэхъумэ ІэнатІэхэм ятеуащ. Зэхэтха къудейкъым, атІэ зэхэуэхэр ди нэхэмкІи тлъэгъуащ: Печатым и унэм и щхьэгъубжэхэм уакъыдэплъмэ, плъагъурт Абхъазым и утыкум и адрей лъэныкъуэмкІэ Іут мэз гуэрэн цІыкІум зэрыщызэзауэр. Лениным и проспектыр зэхуащІат, цІыхуи автомашини ирамыгъакІуэу. Уэрамым дэт цІыхухэр псынщІэу «Оазис» тыкуэнышхуэмкІэ зэрыхьащ, нэхъ жыджэрхэр нэхъ лъэрымыхьхэм ядэІэпыкъуу. Ауэрэ къэтщІащ зэхэуэхэр Налшык и щІыпІэ зыбжанэм зэрыщекІуэкІыр.

Сытыт атІэ лъыгъажэр къызыхэкІар? Ар, дауи, щхьэтечу къыщыдгурыІуар иужькІэщ: ислъамым и унэтІыныгъэ ткІийм теткэр хабзэхъумэ ІуэхущІапІэхэм ІэщэкІэ ятеуат, иужьрейхэм муслъымэн диныр хаутэу къалъытэри. АрщхьэкІэ апхуэдиз къаугъэшхуэ абы къыщІикІын щыІакъым. Пэжщ, иужькІэ сэтей къэхъуауэ щытащ языныкъуэ хабзэхъумэхэм мыбдеж зэрыщрагъэлеяр. Ауэ ар мамыру бгъэзэкІуэж хъуну Іуэхут...

Дауи, апхуэдэ мыарэзыныгъэр ди республикэми нэгъуэщІ щІыналъэхэми къыщызыгъэсэбэпыну хуейхэр къыкъуэкІащ: апхуэдэ Іэмал абыхэм благъэкІынт?! ЩІалэхэр къызэщІагъэстащ. Ахэр ІэщэкІэ зэщІаузэдэн папщІэ ахъши къыкъуэкІащ. Мис аращ а зи гугъу тщІыж махуитІым къэхъуахэр къызыхэкІар.

... Печатым и унэм и егъуанэ къатым дытетт, щхьэгъубжэхэмкІэ дыкъыдэплъу. Нэхъ жыжьэІуэ хъуами, шэ фий макъхэр зэхэтхырт. Зыгуэрым къыджиІащ щхьэгъубжэхэм дыІутыну зэрышынагъуэр. АрщхьэкІэ къытфІэІуэхуакъым, иужькІэ белджылы хъуащ ар ипэжыпІэкІэ шынагъуэу зэрыщытар. «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редакцэм и секретариатым и щхьэгъубжэм дэкІри, автоматышэ бжэблыпкъым пхыкІат. Секретариатым щІэса ди ныбжьэгъужь Мечиев Хьэдис лажьэ екІакъым. АрщхьэкІэ лъэныкъуитІми щымыщ цІыху зыбжанэ хэкІуэдащ а махуитІым. Дэ и гугъу тщІыххэнкъым милицэм и лэжьакІуэхэу хабзэр яхъумэу зи псэр зытахэм я бжыгъэм. Дауи, фІы щІахакъым къатеуахэм. Апхуэдэу зэрыщытынури гурыІуэгъуэт. Иджыри къэс гъуэщыжыркъым фІы зигу имылъхэм ягъэжакъуэу хэкІуэда абыхэм я адэ-анэхэм щІагъэж нэпсыр.

А махуитІым Налшык щекІуэкІахэр дуней псом щызэлъащІысащ. ЩІыпІэ-щІыпІэхэм къипсэлъыкІырт къэпІейтея ди лъэпкъэгъухэр. СурэтыщІхэу Шемякин (Къардэн) Михаилрэ КІыщ Мухьэдинрэ США-мрэ Испанимрэ къипсэлъыкІащ гузавэу.

БЛЭКІАР блэкІащ. Дэ къытхуэнэжыр абы дерс къыхэтхынырщ икІи, апхуэдэ дяпэкІэ къэмыхъун папщІэ тхузэфІэкІ псори длэжьынырщ. ИкІэм-икІэжым иужьрей удыныр икІи нэхъ хьэлъэр зытехуэр езы лъэпкъырщ.

Дэ сыт щыгъуи дыхущІэкъун хуейщ дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым мамырыгъэрэ зэгурыІуэныгъэрэ илъыным. Абы нэхъыщхьэ щыІэкъым.

**ШАЛ Мухьэмэд.**

## Прохладнэ къалэм район сымаджэщым и унэщІэ щаухуэ

**Прохладнэ къалэм щынагъэблэгъащ район сымаджэщым хирургиемкІэ и ІэнатІэм сымаджи 180-рэ зыщІэхуэн и унэщІэр.**

КЪАТИТХУУ зэтет ухуэныгъэр псори зэхэту метр зэбгъузэнатІэ мин 12-м ноблагъэ. Ар иджырей медицинэ Іэмэпсымэ нэхъыфІ дыдэхэмкІэ къызэгъэпэщауэ щытынущ.

Лэжьыгъэхэр къанэ щымыІэу зэфІэгъэкІын хуейщ дызэрыт илъэсым и иужьрей махуэм.

*КъБР-м Ухуэныгъэмрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министерствэ.*

● Футбол

## Фыдогъэблагъэ!

*Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гуп ЕпщыкІущанэ джэгугъуэ*
**«Спартак-Налшык» - «Дружба» (Мейкъуапэ)**
*Налшык. «Спартак» стадион. Жэпуэгъуэм и 14. Сыхьэт 16-м.*

● КъБР-м и Правительствэм

# Накъыгъэ унафэхэр ягъэзащІэ

**Жэпуэгъуэм и 11-м КъБР-м и Правительствэм щекІуэкІащ Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкІа «Къэрал экономикэ политикэр пІалъэ кІыхьым тещІыхьауэ» Унафэ №596-мрэ «Къэрал Іуэхухэр зэрызэрагъакІуэ Іэмалхэр егъэфІэкІуэным теухуауэ» Унафэ №601-мрэ гъэзэщІэнымкІэ ІуэхущІапІэ зэмылІэужьыгъуэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым и зэІущІэ. Абы къыщапщытэжащ 2018 гъэм и мазибгъум зэфІагъэкІар.**

ЗЭІУЩІЭМ доклад щищІащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр **Рахаев Борис**. Абы жиІащ къалэн нэхъыщхьэу зыхуагъэувыжахэм зэращыщыр валовэ щІыналъэ продуктым хагъэхъуэныр, инвестицэ Іуэхухэр ягъэзэщІэныр, къапщтэмэ, макроэкономикэм къызэщІиубыдэ унэтІыныгъэхэм зрагъэужьыныр.

- 2018 гъэм и мазибгъум кърикІуам тепщІыхьмэ, илъэсым валовэ щІыналъэ продуктым и хэхъуэр сом меларди 149,8-м нэдгъэсыну худогъэфащэ. ПромышленностымкъыщІигъэкІамрэ абы ехьэлІауэ лэжьыгъэу, Іуэхутхьэбзэу зэфІагъэкІамрэ сом мелард 26,4-рэ къыпэкІуащ, мэкъумэш хозяйствэм - сом мелард 29,8-рэ. Ухуэныгъэ и лъэныкъуэкІэ едгъэкІуэкІа лэжьыгъэр процентi 100,1-рэ хъуауэ къэтпщытащ, - жиІащ Рахаевым.

Республикэм цІыхухэм ику иту къыщахь улахуэм и гугъу щищІым, Рахаевым жиІащ 2018 гъэм ар сом мин 25-рэ 350-рэ зэрыхъур. УФ-м и Президентым и Накъыгъэ унафэхэр къызэрыдигъэкІрэ щІыналъэм лэжьапІэ ІэнатІэу мини 4,5-м щІигъу къыщызэрагъэпэщащ. Къэпсэлъам жиІащ мы илъэсым гулъытэшхуэ зэрыхуащІар инвестицэ Іуэхухэр республикэм щыгъэзэщІэным. Апхуэдэу «Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ зыужьыныгъэр 2016 - 2025 гъэхэм ятещІыхьауэ» подпрограммэм хыхьэу, 2018 гъэм инвестицэ проекти 4, къэрал дэІэпыкъуныгъэ ягъуэтауэ, республикэм щагъэзащІэ. Япэр лэч лІэужьыгъуэхэр къыщІэзыгъэкІ завод ухуэнырщ, етІуанэр - пластик къыщІэзыгъэкІ заводыр егъэфІэкІуэным теухуащ, ещанэр - бетон пкъохэр зыщІ завод ухуэным, еплІанэр - жылапхъэхэм елэжь ІуэхущІапІэ къызэгъэпэщыным епхащ. Абыхэм къищынэмыщІа, республикэ унафэщІхэм иджыри проекти 10 пхагъэкІыну ягъэхьэзыр. Къэбгъэлъагъуэмэ, инвестицэ Іуэхухэр къызэрырашалІэмкІэ Урысейм и щІыналъэ нэхъыфІи 10-м Къэбэрдей-Балъкъэрыр илъэс зыбжанэ хъуауэ яхэтщ.

Налшык къалэ округым и администрацэм и унафэщІым и япэ къуэдзэ **Тонконог Анатолий** къыщыпсалъэм къыхигъэщащ 2018 гъэм и щІышылэ - фокІадэ мазэхэм кърикубыдэу щыхьэрым щылажьэ промышленнэ ІуэхущІапІэхэм сом меларди 8-рэ мелуан 606-рэ къызэралэжьар (нэгъабэ и апхуэдэ пІалъэм елъытауэ процентi 10,5-кІэ нэхъыбэщ). Зытепсэлъыхь пІалъэм кърикубыдэу, Налшык къалэм лэжьыгъэ ІэнатІэщІэу 185-рэ къыщызэрагъэпэщащ: «Налшык гъэш завод» ІуэхущІапІэм - 92-рэ, «Зеленая компания» ООО-м - 93-рэ.

ЗэІущІэм щыжаІащ «Къэрал Іуэхухэр зэрызэрагъакІуэ Іэмалхэр егъэфІэкІуэным теухуауэ» Унафэ №601-м къыщыгъэлъэгъуа лэжьыгъэхэр зэраубзыхуам тету щІыналъэм зэрыщагъэзащІэр. Псалъэм папщІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым Къалэн куэд щагъэзащІэ ІуэхущІапІэу 10 щаухуащ, абыхэм ящыщу 2-р Налшык къалэм дэтщ. 2017 гъэм къызэрапщытамкІэ, абыхэм я Іуэхутхьэбзэхэм цІыхухэр процент 90-кІэ арэзы къэщІ.

ЗэІущІэм и кІэм лэжьакІуэ гупым яубзыхуащ адэкІэ зэлэжьынухэр.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

● КъБР-м и МВД-м



# КIэрэфым кIэрахъуэ ират

**КъБР-м щыIэ МВД-м щекIуэкIащ я лэжьыгъэм щытепсэлъыхьа зэIущIэ. Iуэхум щIидзэн и пэкIэ къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министр, полицэм и генерал-лейтенант Ромашкин Игорь я къалэныр нэсауэ зыгъэзащIэ, зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм папщIэ къыхэжаныкIа я лэжьакIуэхэр игъэпэжащ.**

«МАКАРОВЫМ и кIэрахъуэ» Iэщэр иритащ КъБР-м щыIэ МВД-м и полицэм и унафэщIым и къуэдзэ, полицэм и полковник КIэрэф Роберт, Урысей МВД-м и бгъэхэIу дамыгъэр - «МВД-м пщIэ зиIэ и лэжьакIуэ» жыхуиIэр - Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэм щыIэм и унафэщI, полицэм и полковник Геграев Марат сымэ хуагъэфэщащ.

*КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-IуэхущIапIэ.*

● Университет хъыбархэр

# Студент гъащIэм хашэ



Пщыбий Светланэ

**КъБКъУ-м и медицинэ колледжым иджыблагъэ зэхуэс хьэлэмэт щекIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ мы гъэм колледжым щIэтIысхьа ныбжьыщIэхэр университет гъащIэм хэшэным, студент билетхэр етыным. ЕджапIэ нэхъыщхьэм и пресс-IэнатIэм хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, абыхэм ехъуэхъуну зэхуэсым кърихьэлIащ колледжым и унафэщIхэр, егъэджакIуэхэр, студент нэхъыжьхэр.**

ЗЭIУЩIЭР къызэIуихащ медицинэ колледжым и унафэщI **Пщыбий Светланэ**. Ар студентхэм гуапэу ехъуэхъуащ цIыхур дапщэщи зыхуеину IэщIагъэр къызэрыхахамкIэ.

- Ди колледжым и студентхэм факъызэрыхэхуар ди гуапэщ. Ди деж фэ щефхьэкIынущ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэдкIэ гъэнщIа студент гъащIэ купщIафIэ, - къыхигъэщащ Пщыбийм. - КъэкIуэну зэманым къриубыдэу фэркIэ дызэрыгушхуэнур, зыIэрывгъэхьэ ехъулIэныгъэхэм дызэрыщыгуфIыкIынур си фIэщ мэхъу.

Езанэ курсым щIэтIысхьа студентхэм ящыщ дэтхэнэми тхьэрыIуэ итащ, къыхиха IэщIагъэм и щэху псори зригъэщIэну зэрыхьэзырымкIэ, еджэным егугъуу, жэуаплыныгъэр зыхащIэу зэрыбгъэдэтынумкIэ.

Ар зэфIэкIа нэужь, ныбжьыщIэхэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ колледжым и егъэджакIуэхэр. Абыхэм студентхэр щыгъуазэ хуащIащ еджапIэм и тхыдэм, и нобэрей гъащIэм, IэнатIэм къыпэщылъ къалэнхэмрэ иIэ мурадхэмрэ. Езанэ курсым щIэтIысхьахэм апхуэдэу ирагъэцIыхуащ колледжым и студент зэгухьэныгъэм и пашэхэр.

ЗэIущIэ гуапэр иухащ колледжым и студент нэхъыжьхэм ягъэхьэзыра концерт дахэмкIэ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**



# Анэдэлъхубзэм хуэсакъ адыгэ унагъуэ

● Щапхъэ

*Иужьрей зэманым куэдрэ урихьэлIэ хъуащ зи анэдэлъхубзэкIэ мыпсалъэ, ар къызыгурымыIуэххэ цIыхухэм. Ауэ ди гуапэ мэхъу зи лъахэ имысыж, анэдэлъхубзэр щамыдж къалэм щыпсэу унагъуэхэм я бынхэм адыгэбзэр щагъэбзэрабзэм деж. Иджыпсту зи гугъу фхуэтщIыну УнэлIокъуэхэ Альбердрэ ФатIимэтрэ я унагъуэр зэраухуэрэ илъэс тIощIым нэблэгъащ, илъэс 17 хъуауэ Москва дэсщ.*

**- ФатIимэт, къалэр щызогъэтри, къуажэхэми уащрохьэлIэ зи бзэкIэ мыпсалъэ сабийхэм. Фэ, хэкум фызэрыпэжыжьэу, дауэ къывэхъулIэрэ фи сабийхэр анэдэлъхубзэмкIэ еджэфу, тхэфу зэрыщытыр?**

- Дэ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм хэкум дыкъокIуэж икIи сабийхэм адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэ къахудоштэри, ар ядолажьэ, ирипсалъэ къудей мыхъуу, я бзэкIэ еджэфу, тхэфу къэхъун папщIэ.

**- Бзэр егъэджыным къыдэкIуэу, фи сабийхэр адыгэ Iуэхум ехьэлIауэ зыгуэрым дихьэхрэ?**

- Ди бынхэм я гур еджэным хуитхьэщIыкIауэ къотэджри, я зэманыр зэрыщыту абы ихьу жыпIэ хъунущ. Псалъэм папщIэ, гъэ еджэгъуэм и кIэм ята ЕГЭ-м къигъэлъэгъуащ ди нэхъыжь Аминат урысыбзэми зэрыхуэшэрыуэр - баллищэ къиихьащ. Курыт Амирэ адыгэ пшынэ йоуэ, щыри къафэм макIуэ.

**- АтIэ дауэ зэхуэхъурэ Амирэ и пшынэ еуэнымрэ Москва фызэрыщыпсэумрэ?**

- Пшынэр ди гъусэу гъуэгу тетщ. Хэкум дыкъыщыкIуэжхэм деж Амирэ пшынэ еуэкIэ зыщригъэса гупым ящIыгъуу концертхэр ет, къыхуэмыгъэс жыхуаIэм хуэдэу дыкъокIуэлIэж. НэхъыщIэр Ибрэхьимщи, ар математикэм нэхъ дехьэх.

**- Къапщтэмэ, лэжьыгъэшхуэщ уи лъахэ уимысыжу сабийхэм бзэр, хабзэр ядэпIыгъыныр...**

- Пэжщ, тыншу схужыIэнукъым, ауэ лъэпкъгъэкIуэдыр псом япэу къыщежьэжыр я бзэ ямыщIэжынырщ. Аращи, унагъуэр, зэрытхулъэкIкIэ, дыпэщIэтщ ар дэ къызэрытлъэмыIэсыным.

**КIУЭКIУЭ ХьэIишэт.**

● Гукъеуэ

# Къэшэж Иннэ и фэеплъ диIэкъым



**Адыгэ усакIуэ цIэрыIуэ Къэшэж Иннэ къызэралъхурэ етIанэгъэ, 2019 гъэм мазаем и 12-м, илъэс 75-рэ ирикъунущ. Зыми шэч къытрихьэу къыщIэкIынукъым абы и фэеплъыр тхъумэну зэрыхуэфащэм. Нобэр къыздэсым Налшык къалэм абы и цIэр зезыхьэ уэрами IуэхущIапIи щыIэкъым. Абы мыпхуэдэ гупсысэхэм сыхуишащ. Нэгумэ Шорэ и цIэр зезыхьэ уэрамым, КъБКъУ-м пэгъунэгъу жыг хадэм (Республикэ клиникэ сымаджэщым хуэкIуэм) абы и цIэр фIэтщ щхьэ мыхъурэ? КъищынэмыщIауэ, КъБКъУ-м хуэзанщIэу щыт жыг хадэ зыгъэпсэхупIэри абы къезэгъыу къысщохъу.**

АЩIЫПIЭХЭР къыщIэзгъэлъагъуэм щхьэусыгъуэ яхуэхъуар Къэшэж Иннэ ахэр и кIуапIэу зэрыщытарщ. Псом хуэмыдэу сымаджэщым щIэлъ и адэм кIэлъыплъыну къыщыхуихуам, махуэ псокIэ а щIыпIэхэм щыщыIэ къэхъурт. А жыг хадэм и тетIысхьэпIэрщ абы и усэ сатыр цIэрыIуэхэм ящыщхэр щитхар. Языныкъуэхэм Нэгумэ Шорэ и цIэр зезыхьэ уэрамыр къыхощыж. Мывэм абы и усэ сатырхэр къыхэпIущIыкI хъунущ икIи абы къалэр игъэдэхэну, щIалэгъуалэм я гъэсэныгъэмкIэ ахэр къэщхьэпэну къысщохъу.

**КЪАРЭ Ратмир,**
*жылагъуэ лэжьакIуэ.*

● Футбол

# «Хытхьэрыкъуэм» дызэхеуIухь

**«Чайка» (Песчанокопское) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 5:0 (3:0). Песчанокопское. Чайкэ И. и цIэр зезыхьэ стадион. Жэпуэгъуэм и 10-м. ЦIыху 1200-рэ еплъащ.**

***Судьяр*** Фролов (Мэзкуу).

***«Чайка»:*** Граб, Демченкэ, Шахтиев, Бутырин, Дубовой, Шаров, Крамаренкэ (Сердюк, 73), Магомедов (Ситников, 79), Чалый (Дроздов, 46), Гиоргобиани (Гурциев, 77), Подбельцев (Хохлачёв, 63).

***«Спартак-Налшык»:*** Щоджэн, Лелюкаев, Салахетдинов, Тебэрды (Белоусов, 76), КIэдыкIуей, Мэшыкъуэ Хь., Iэпщацэ (Дэхъу, 67), Ашу (Михайлов, 69), Мэшыкъуэ И. (Талабкэ, 87), Бацэ, Бажэ (Машэжь, 51).

***Топхэр дагъэкIащ:*** Подбельцевым, 7 (1:0). Чалый, 25 (2:0). Крамаренкэ, 44 (3:0). Крамаренкэ, 63 (4:0). Сердюк, 81 (5:0).

***Дагъуэ къыхуащIащ:*** Iэпщацэм, Подбельцевым, Салахетдиновым, Шаровым, Мэшыкъуэ Хь.

***Джэгум къыхахуащ:*** Мэшыкъуэ Хь.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2018 - 2019 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм хамэ стадионхэм зыми къыщыхимыгъэщIэфу зэкIэлъхьэужьу иджыри къэс къыщрихьэлIа зэIущIэхэр (5-м текIуат, 2-м зэрытегъэкIуатэкъым) «Спартак-Налшыкым» Песчанокопскэ посёлкэм къыщиухащ. Абы и щIыпIэ командэр ди щIалэхэм хуабжьу бжыгъэшхуэкIэ - 5:0-у - къефIэкIащ.

Фыщыдгъэгъуэзэнщ вэсэмахуэ зэхэта джэгугъуэм кърикIуа адрей бжыгъэхэм. *Мис ахэр:* «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - «**Черноморец**» (Новороссийск) - **0**:**1**, «**Легион-Динамо**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Академия**» (Дон Iус Ростов) - **1**:**0**, **СКА** (Дон Iус Ростов) - «**Ангушт**» (Нэзрэн) - **0**:**0**, «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - «**Краснодар-3**» (Краснодар) - **2**:**0**, «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - «**Волгарь**» (Астрахань) - **0**:**3**, «**Урожай**» (Краснодар) - «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - **3**:**2**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым пщэдей щызэхэтынущ. «Спартак-Налшыкым» и стадионым къыщригъэблэгъэнущ езыхэми хуэдэу бжыгъэшхуэкIэ иужьым къыхагъэщIа Мейкъуапэ и «Дружба»-р.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

*Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | **«Урожай»** | **11** | **9** | **2** | **0** | **19-5** | **29** |
| 2. | «Чайка» | 11 | 8 | 3 | 0 | 25-8 | 27 |
| 3. | «Дружба» | 11 | 7 | 0 | 4 | 14-10 | 21 |
| 4. | «Волгарь» | 11 | 6 | 3 | 2 | 18-11 | 21 |
| 5. | «Черноморец» | 11 | 6 | 2 | 3 | 23-9 | 20 |
| 6. | «Биолог-Новокубанск» | 11 | 5 | 1 | 5 | 15-12 | 16 |
| 7. | «Легион-Динамо» | 12 | 4 | 4 | 4 | 16-14 | 16 |
| 8. | «Мэшыкъуэ-КМВ» | 11 | 4 | 4 | 3 | 12-11 | 16 |
| 9. | **«Спартак-Налшык»** | **11** | **4** | **3** | **4** | **16-19** | **15** |
| 10. | «Спартак-Владикавказ» | 11 | 3 | 2 | 6 | 12-16 | 11 |
| 11. | СКА | 12 | 2 | 5 | 5 | 8-14 | 11 |
| 12. | «Ангушт» | 11 | 1 | 7 | 3 | 6-8 | 10 |
| 13. | «Краснодар-3» | 11 | 2 | 2 | 7 | 11-24 | 8 |
| 14. | «Динамо-Ставрополь» | 11 | 1 | 2 | 8 | 12-27 | 5 |
| 15. | «Академия» | 12 | 1 | 2 | 9 | 9-26 | 5 |

● Регби

# Илъэс тхущI ирокъу

**Налшык дэт сабий стадионым Iэтауэ щагъэлъэпIащ регби спорт лIэужьыгъуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым «къызэрыкIуэрэ» илъэс 50 зэрыщрикъур. ЗэIущIэр къызэрагъэпэщат КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм, Урысейм и ФАС-м и Управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м регбимкIэ и союзым, ДЮСШ №4, къалэ администрацэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ, щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и къудамэм.**

РЕГБИ спорт лIэужьыгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщиужьын щыщIидзар 1968 гъэрщ. Абы зыхуэзыгъасэ япэ гупыр зэзыгъэуIуар Лобжанидзе Александрщ. КъБКъУ-м и командэр къызэрагъэпэщат а зэманым ректору лэжьа Лъостэн Владимир и нэIэм щIэту.

1968 - 1977 гъэхэм университетым и гуп къыхэхам хузэфIэкIат РСФСР-м тIэунейрэ и чемпион хъуну, СССР-м и чемпионатхэм бжьыпэхэр щызыIэригъэхьэну. Апхуэдэуи Урысейм и зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм щэнейрэ пашэ щыхъуащ.

ГуфIэгъуэ зэIущIэр къыщызэIуахым, къызэхуэсахэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ Анаев Аслъэн, Урысейм и ФАС-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Пщыншэ Къазбэч, КъБР-м и Парламентым Спортымрэ туризмэмкIэ и комитетым и тхьэмадэ Бэрэгъун Арсен, регбим и ветеранхэу Нало Алим, Барбариуш Алексей, Павлов Владимир сымэ.

Махуэшхуэм и щIыхькIэ къызэрагъэпэща зэхьэзэхуэм хэтахэщ щIалэгъуалэ командэхэу «Нарт» РК-м, ДЮСШ №4-м, апхуэдэуи Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуп къыхэхахэм хэту СССР-м и зэхьэзэхуэхэм щыджэгуа ветеранхэр. Урысейм РегбимкIэ и федерацэмрэ КъБР-м СпортымкIэ и министерствэмрэ зэхьэзэхуэм хэтахэр щIыхь тхылъхэмрэ медалхэмкIэ ягъэпэжащ.

**НАФIЭДЗ Мухьэмэд.**

# Мы махуэхэм

**Жэпуэгъуэм и 13, *щэбэт***

♦**Дуней къэхъукъащIэ шынагъуэхэм къашэ гузэвэгъуэхэр гъэмэщIэным и дунейпсо махуэщ.**
♦**Астрономием и дунейпсо махуэщ**
♦**Арменией щагъэлъапIэ зэдзэкIакIуэм и махуэр.**
♦**Азербайджаным щагъэлъапIэ гъущI гъуэгу лэжьакIуэм и махуэр.**
♦**1792 гъэм** Вашингтон ухуэн щыщIадзащ США-м и президентым и хэщIапIэр.
♦**1827 гъэм** урысей дзэ флотым и гидрографие къулыкъур къызэрагъэпэщащ.
♦**1883 гъэм** Петербург къыщызэрагъэпэщащ Театрым и лэжьакIуэхэм я Урысейпсо зэгухьэныгъэр.
♦**1904 гъэм** Тэрч-Псыжь полкым хыхьэ адыгэ шууищэм хэтхэм зыкъаIэтащ.
♦**1941 гъэм** Инджылызым и кхъухьлъатэхэм Германием и Нюрнберг къалэм бомбэхэр щрадзыхащ.
♦**1944 гъэм** советыдзэхэр Ригэ къалэм дыхьащ.
♦**2006 гъэм** Пан Ги Мун ООН-м и секретарь нэхъыщхьэу хахащ.
♦Къэрал лэжьакIуэ **Къатхъэн Назир** къызэралъхурэ илъэси 127-рэ ирокъу.
♦Къэрал, парт лэжьакIуэ, нартыхугъэкI цIэрыIуэ, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ГуащIэдэкIым и Бэракъ Плъыжь орденищ зыхуагъэфэщауэ щыта **ХьэщIэлI Мухьэмэд** къызэралъхурэ илъэси 107-рэ ирокъу.
♦Инджылыз политик, жылагъуэ лэжьакIуэ, Великобританием и премьер-министру илъэс 11-кIэ щыта **Тэтчер Маргарет** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.
♦Режиссёр, сценарийхэр зытх, СССР-м и цIыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата, «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и нагъыщэ псори зыхуагъэфэща **Захаров Марк** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.
♦УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Крамаров Савелий** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градуси 6 - 7 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 14, *тхьэмахуэ***

♦**Стандартхэм я дунейпсо махуэщ.**
♦**1946 гъэм** къызэрагъэпэщащ СтандартизацэмкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэр
♦**Мэкъумэш хозяйствэмрэ мэкъумэшхэкIхэм елэжь промышленностым и лэжьакIуэхэмрэ я махуэщ**
♦**Белоруссием анэм и махуэр щагъэлъапIэ**
♦**1851 гъэм** Лондон къыщызэрагъэпэщащ «Рейтер» инджылыз хъыбарегъащIэ агентствэр. Ар иджыпсту дунейм щынэхъ ин дыдэхэм ящыщщ.
♦**1860 гъэм** Петербург Мариинскэ опернэ театр къыщызэIуахащ.
♦**1926 гъэм** Лондон къыщыдэкIащ «Винни-Пух» тхылъыр, Милн Алан Александр и IэдакъэщIэкIыр. Ар бзэ куэд дыдэкIэ зэрадзэкIащ, экземпляр мелуан бжыгъэкIи къыдэкIащ. Заходер Борис урысыбзэм кърегъэзагъэри, ди къэралми ар таурыхъ нэхъ гъэщIэгъуэн дыдэхэм хабжэ щыхъуащ.
♦**1943 гъэм** Запорожье къалэр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ.
♦**1944 гъэм** МГУ-м нэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ и факультетыр Москва дэт, къэрал зэпыщIэныгъэхэмкIэ къэрал институт жиIэу зэрахъуэкIащ.
♦**1957 гъэм** и лъэщагъ псомкIи лажьэу яутIыпщащ Индыл псым тращIыхьа ГЭС-р
♦**1964 гъэм** Брежнев Леонид КПСС-м и ЦК-м и Секретарь нэхъыщхьэ, СССР-м и унафэщI къулыкъум ягъэуващ.
♦Урысей пащтыхь гуащэ, Павел Езанэм и щхьэгъусэ, къэралым и императору щытахэу Александр Езанэмрэ Николай Езанэмрэ я анэ **Романовэ Марие** къызэралъхурэ илъэс 259-рэ ирокъу.
♦**США-м и 34-нэ президенту щыта Эйзенхауэр Дуайт** къызэралъхурэ илъэси 128-рэ ирокъу.
♦Кинорежиссёр, актёр, сценарийхэр зытх, оператор, УФ-м и цIыхубэ артист **Чухрай Павел** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.
♦Режиссёр, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Темрокъуэ Риммэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦Гимнаст цIэрыIуэ, Олимп Джэгухэм медаль 15 (абыхэм ящыщу блыр дыщэу) къыщызыхьа **Андрианов Николай** къызэралъхурэ илъэс 66-рэ ирокъу.
♦Хоккеист, гъэсакIуэ, Олимп Джэгухэм тIэунейрэ я чемпион, къэралым, Европэм, дунейм я чемпионатхэм мызэ-мытIэу щытекIуа **Касатонов Алексей** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.
♦Модельер, УФ-м и цIыхубэ художник **Юдашкин Валентин** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.
♦Ставрополь щIыналъэм и губернатор **Владимиров Владимир** и ныбжьыр илъэс 43-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градуси 6 - 8 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 15, *блыщхьэ***

♦**Зи нэхэм ямылъагъухэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Iэхэр тхьэщIыным и дунейпсо махуэщ.** ООН-м и Сабий фондым къыхилъхьэри, а махуэр 2008 гъэм ягъэувауэ щытащ, къабзагъэм узыншагъэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэм цIыхухэм иджыри зэ гу лърагъэтэн мурадкIэ.
♦**Къуажэм щыпсэу цIыхубзхэм я дунейпсо махуэщ**. Дунейм цIыхуу тетым я Iыхьэ плIанэр къуажэдэс цIыхубзщ - аращ абыхэми махуэ хэха яхуэфащэу къыщIалъытар.
♦**1806 гъэм** Урысей империем къыхагъэхьащ Баку хъаныгъуэр.
♦**1967 гъэм** Индыл и Iуфэм иIэ Iуащхьэм - Мамаев курган жыхуаIэм - деж щагъэуващ Сталинград щекIуэкIа зауэм лIыхъужьыгъэ къыщызыгъэлъэгъуахэм хуащIа фэеплъыр.
♦**1990 гъэм** Горбачёв Михаил Нобель и саугъэтыр къыхуагъэфэщащ.
♦УсакIуэ, осетин литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа, скульптор, сурэтыщI **Хетагуров Коста** къызэралъхурэ илъэси 159-рэ ирокъу.
♦Урыс усакIуэ цIэрыIуэ, тхакIуэ **Лермонтов Михаил** къызэралъхурэ илъэс 204-рэ ирокъу.
♦Совет тхакIуэ, журналист **Ильф Илья** къызэралъхурэ илъэси 121-рэ ирокъу.
♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ТекIуий Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.
♦УФ-м щIыхь зиIэ и артист, Абхъазым и цIыхубэ артист, КъБР-м, Абхъаз Республикэм я Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Мысостышхуэ Пщызэбий** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.
♦КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, щIэныгъэлI **IутIыж Борис** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.
♦Рок-музыкант, тхакIуэ, «Наутилус Помпилиус» гупыр къызэзыгъэпэща **Бутусов Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.
♦УэрэджыIакIуэ, актёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Басков Николай** и ныбжьыр илъэс 42-рэ ирокъу.
♦Урысей теннисисткэ, Олимп Джэгухэм (2008 гъэ) я чемпионкэ **Дементьевэ Еленэ** и ныбжьыр илъэс 37-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 13, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Гур зэрыгъум дыгъур ирокIуэ.**

● ФIыщIэ

# Дзыхьыр зыгъэпэж

**«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд иджыблагъэ зыкъыхуагъэзащ Жэмтхьэлэ (Къуэжьыкъуей Ипщэм) ЩэнхабзэмкIэ и унэм и лэжьакIуэ гупым. Иужьрей зэманым жылэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэфIхэм щыгуфIыкIыу, абыхэм фIыщIэ хуащI къуажэ администрацэм и унафэщI Дохъушыкъуэ Хьэжмурид.**



«ПЩIЭ зыхуэтщI Дохъушыкъуэ Хьэжмурид. Къуажэм и щIыпIэ администрацэм и унафэщI къулыкъур дзыхь къызэрыпхуащIрэ илъэсым щIигъуауэ аращ. Ауэ а дзыхьыр уэ уогъэпэж - цIыхухэм уи гулъытэр зыхащIэ, уи Iуэху бгъэдыхьэкIэр куэдым гунэс ящыхъуащ. Къапщтэмэ, къуажэм щэнхабзэм ехьэлIауэ щекIуэкI сыт хуэдэ Iуэхури къыддыбоIыгъ, ди лэжьыгъэм дытыбогъэгушхуэ. Жылэдэсхэм пщIэ къызэрытхуэпщIым, цIыхухэм гурэ псэкIэ уазэрыбгъэдэтым ди лъэр нэхъри жан ещI. ФIыщIэ пхудощI гудзакъэ пхэлъу сыт хуэдэ Iуэхуми узэрыбгъэдыхьэм, уи къулыкъум и мыхьэнэр, абы къыпхуигъэув къалэнхэр нэсу зэрызыхэпщIэм папщIэ.

Уузыншэу, уи гугъэмрэ уи гъащIэмрэ зэтехуэу упсэуну, къуажэм зиужьыным, жылэдэсхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ къыхэплъхьэ жэрдэмхэр къохъулIэну, уи лэжьыгъэм Iэижь ухуэхъуну ди гуапэщ», - итщ фIыщIэ тхыгъэм.















# ТекIуэныгъэмрэ 25 Щхьэхуитыныгъэмрэ я махуэ лъапIэ

**Абхъаз Республикэм и ТекIуэныгъэмрэ Щхьэхуитыныгъэмрэ илъэс 25-рэ зэрырикъур фокIадэм и 30-м Сыхъум дахэу щагъэлъэпIащ. Абхъазхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ гуфIэгъуэм фIы дыдэу зыхуагъэхьэзырат, къищынэмыщIауэ, махуэ зыбжанэ и пэкIэ щIадзэри, Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэд я лъахэм щрагъэкIуэкIащ.**

ЛIЭЩIЫГЪУЭ плIанэ и пэкIэ къахьа ТекIуэныгъэм и махуэм и пщэдджыжьыр Апсным и цIыхубэмрэ и хьэщIэхэмрэ къыщыщIадзар АР-м и япэ Тхьэмадэу щыта Ардзинбэ Владислав и кхъащхьэращ. Ар къыщалъхуа Эшерэ къуажэм дащIыхьа мемориал фэеплъым удз гъэгъа Iэрамэхэр тралъхьащ икIи абхъазхэм текIуэныгъэр къахуэзыхьауэ къалъытэ лIы щэджащэм хуэщыгъуахэщ. Абы иужькIэ хьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ къалащхьэмкIэ къагъэзэжри, Зауэм и ЩIыхь фэеплъ сынми тралъхьащ удз гъэгъахэр. Абы хэтащ Абхъаз Республикэм и Президент Хаджимбэ Рауль, Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат, Осетие Ипщэ Республикэм и Президент Бибилов Анатолий, КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд зи пашэ гупыр, нэгъуэщI щIыналъэхэм, къэралхэм къикIа хьэщIэхэр.

## ЗылI и быну

ШЭДЖАГЪУЭХУЭКIУЭ хъуауэ, Сыхъум и Хуитыныгъэм и утыкумкIэ яунэтIащ. Абхъазым и нобэрей щхьэхуитыныгъэмрэ и мамырыгъэмрэ зи напщIэ телъ, Хэку зауэм и ветеранхэм уащыхьэплъэкIэ, гур хэхъуэрт. Апсным и махуэшхуэр дагъэлъапIэу парадым хэтт 1992 гъэм зылI и быну ди къуэшхэм якъуэува Кавказ Ищхъэрэм хыхьэ республикэхэм, Краснодар крайм, Осетие Ипщэм, Адыгейм, Приднестровьем, Тыркум къикIа добровольцхэр. Нобэ орденхэмрэ медалхэмрэ зи бгъэгум къыхэцIуукIыу ирикIуэ, курыт ныбжьым ит цIыхухъухэрат лъэпкъ цIыкIум, лей къыщытехьэм езыхэм я фIэфIыныгъэкIэ зауэ губгъуэм ихьа щIалэщIэхэр.

1992 - 1993 гъэхэм Абхъазым щекIуэкIа Хэку зауэм доброволец минитIым щIигъу кIуащ, абыхэм ящыщу цIыху 51-м «Абхъазым и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр зэрахьэ, щIалэ 247-м Леон орденыр иратащ, зауэлI 623-м «Хахуагъэм папщIэ» медалыр хуагъэфэщащ. Зауэр зэрекIуэкIа махуэ 413-м щIалэщIэ 260-рэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, хэкIуэдащ.

Апсным игъэлъапIэ махуэшхуэр къыхуазэуащ иджы зи щхьэ Iэтауэ ирикIуэ щIалэхэм, уIэгъэ хъуахэр къезыгъэла дохутыр, медсестра бзылъхугъэхэм. Мамыр гъащIэр я фIыщIэщ Абхъазым щыщу зауэм хэкIуэда цIыху мини 3,5-м нэблагъэми.

Къэралыгъуэ щхьэхуэ хъуа Республикэм и дзэм нобэ иIэ лъэщагъыр щигъэлъэгъуащ Iэщэкlэ зэщIэузэда къарухэм я парадым, абы дзэлI минрэ щитхурэ хэтащ, техникэ зэмылIэужьыгъуэу щэм щIигъу блэкIащ.

Абхъаз Республикэм и Президент Хаджимбэ Рауль къыщыпсалъэм къыхигъэщащ илъэс 25-рэ лъандэрэ я къуэшхэмрэ я ныбжьэгъухэмрэ я гъусэу ягъэлъапIэ ТекIуэныгъэм и махуэр Апсным и тхыдэщIэм щыщ Iыхьэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр.

- Ди лъэпкъым и щхьэхуитыныгъэм щIита уасэр мащIэкъым икIи цIыкIукъым, абы я щхьэр халъхьащ лъэпкъым и къуэ пажэ щэ бжыгъэхэм, - жиIащ Хаджимбэ Рауль. - 1992 гъэм куржы хьэщхьэрыIуэхэм къыдащIылIа зауэм и хъыбарыр занщIэу дуней псом щыIуащ икIи Урысейм, Осетие Ипщэм, Приднестровьем, хамэ къэралхэм щыщ лIы хахуэхэр къакIуэу щIадзащ. Кавказым ис лъэпкъхэм я Конфедерацэм къызэщIиIэта цIыхухэм гъуэгу гугъухэр къызэпачри, къыткъуэуващ. Абхъазым зэи щыгъупщэнукъым ди къарур къызэщIагъэуIуэу, ди лъэщагъыр зыгъэбыда дзэлI хахуэхэм я цIэхэр - Къалмыкъ Юрий, Сосналы СулътIан, Щэныбэ Мусэ, Сосламбеков Юсуп, Хъуадэ Iэдэм, нэгъуэщIхэри. А хэкулIхэм къызэщIаIэта къарум пэлъэщыфакъым лъэпкъгъэкIуэдыр зи гуращэу утыку къихьа куржыхэр.

Хаджимбэ Рауль къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ жылэ Iэщэншэм танккIэ, кхъухьлъатэкIэ, топкIэ, шэкъэуэжхэмкIэ къытебэна биймрэ и гущIэгъуншагъыр. Апсным и цIыху мин бжыгъэхэм къатехьа лейр псалъэкIэ къыпхуэмыIуэтэжыным хуэдизщ, а псори зэрыщыт дыдэм хуэдэу жаIэртэкъым зауэм щылэжьа дунейпсо зэгухьэныгъэхэм.

«Ауэ абхъаз лъэпкъ хахуэм, абы и пашэ лIы щэджащэм яхузэфIэкIащ куржыхэр къыщIыттеуам и щхьэусыгъуэ пэжыр наIуэ къащIыну, ди къэралыгъуэр ттрахыну иужь къихьахэм япэщIэувэну. А зэхэуэ гуащIэм зэрыхэтым хуэдэу, Абхъазым армэ зэригъэпэщащ, АР-м Зыхъумэжыныгъэмкlэ министерствэ иухуащ, батальонхэмрэ бригадэхэмрэ я пIэ иригъэзэгъащ. Ардзинбэ Владислав и унафэм щIэту лъэпкъымрэ абы къыкъуэтхэмрэ я къалэн нэхъыщхьэм пэлъэщащ: бийр ди щIыгу ирахужу ди щхьэхуитыныгъэр зэфIагъэувэжыныр. Илъэс 25-р, дунейпсо тхыдэм еплъытмэ, пIалъэшхуэкъым. Ауэ ди лъэпкъ мащIэм дежкIэ зы лъэхъэнэ псо и уасэщ. А зэманым къриубыдэу Апсным и уIэгъэр игъэхъужащ, и щхьэхуитыныгъэр къэрал зыбжанэм къыщалъытащ. Ди дэIэпыкъуэгъухэмрэ Урысей Федерацэмрэ я фIыщIэкIэ, Абхъазым нобэ иIэ экономикэ щытыкIэр ирегъэфIакIуэ, и зыхъумэжыныгъэр егъэбыдэ, шынагъуэншагъэр къызэрегъэпэщ. Къэрал щIыб политикэмкIэ мыхьэнэшхуэ иIэ хъуащ Сирие Хьэрып Республикэм Абхъазым и щхьэхуитыныгъэр къызэрилъытар.

Дэ фIым дыхуопабгъэ! Абхъаз Республикэм мамырыгъэрэ зыужьыныгъэрэ илъыну Тхьэм жиIэ! ШэсыпIэ дыщихьа махуэхэм къыткъуэува ди къуэшхэм я Iуэху ефIакIуэ зэпыту псэуну сахуохъуахъуэ», - жиIащ Хаджимбэ Рауль.

Хуитыныгъэм и утыкум Абхъаз ныпыр фIэщIауэ щхьэщылъэтащ Ми-8, Ми-24 вертолётхэр, Л-39 кхъухьлъатэхэр. Абы иужькIэ дахэу уэгум къехащ парашютистхэр. Утыкум щекIуэкIа IуэхуфIхэм гуIэфIтещIэж яхуэхъуат школакIуэхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я зыкъэгъэлъэгъуэныгъэр, абыхэм ягъэзэщIащ Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я къафэ зэмыщхьхэр, апхуэдэу утыкум къихьащ гимнастхэр, спортсменхэр.

Парад нэужьым Хуитыныгъэм и утыкум ирикIуащ «Полк уахътыншэр» - республикэм и щIыналъэхэм къалэхэм щыщ цIыху 1500-рэ. Иджы ещанэу къызэрагъэпэща фэеплъ зекIуэм нэхъ цIыкIу дыдэхэри хэтащ, я адэшхуэхэм я сурэтхэр яIыгъыу. ЦIыхухэм къыдахат Куржы-Абхъаз зауэм хэкIуэдахэм, ТекIуэныгъэм иужькIэ дунейм ехыжа лIыхъужьхэм, хъыбарыншэу кIуэда зауэлIхэм я сурэтхэр.

## ЛIыхъужьхэм хуащI гулъытэ

А МАХУЭМ ирихьэлIэу, Абхъазым и Президент Хаджимбэ Рауль и жэрдэмкIэ, щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIа добровольцхэр и деж иригъэблагъэри, ехъуэхъуащ икIи Хэку зауэм я къарурэ лIыгъэрэ зэрыхалъхьам папщIэ фIыщIэ яхуищIащ.

Абхъазым и махуэшхуэм ирихьэлIэу ягъэхьэзыра «ТекIуэныгъэм папщIэ» медалыр цIыху 32-м Хаджимбэ Рауль яхуигъэфэщащ. Ахэр: Тумэ Мухьэмэдин, Къанло Владимир, Бидэнокъуэ Нихьэт, Абрэдж Хьэмид, Гъуэтыж БетIал, Бэч Альберт, Хъуэкlуэн Заур, Усейн Олег, Абазэ Эдуард, КIэдыкIуей ХьэзрэIил, Вындыщхьэ Заурбий, Халидов Деньге, Бгъэжьнокъуэ Барэсбий, ГубэщIыкI Жантемыр, Къалмыкъ Жылэбий, Пщынокъуэ Артур, Битокъухэ Аслъэнбэчрэ Беслъэнрэ, Щэныбэ Юрий, МэшхуэфI Нэждэт, Тхьэгъэлэдж Мухьэмэд, Думэн Мурадин, Щоджэн Леонид, Ажыджэрий Аскэр, нэгъуэщIхэри.

Абхъазым и ЛIыхъужь, Къэбэрдейм щыщ щIалэ, щIэныгъэлI Мэрзей Аслъэнбэч жеIэ:

- Кавказым ис лъэпкъхэм пэжыр я гъуазэу игъащIэми къоклуэкI. Дэ тфIэфIкъым нэхъ лъэщыр къарууншэм щытегушхуэм деж. Хахуагъэр Кавказым щалъытэ щхьэкIэ, абы Iэмал имыIэу щIыгъун хуейщ пщIэмрэ пэжагъымрэ. Арагъэнщ япэу дыкъезышэжьари. ЕтIуанэрауэ, къуэшым дыкъыщхьэщыжыныр ди лъым зэрыхэтым дытригъэгушхуауэ жыпIэ хъунущ. Къыхэгъэщын хуейщ, бгырысхэр щхьэхуитыныгъэм сыт щыгъуи дызэрыхуэпабгъэр. Абхъазым бийр къызэрытегуплIам, абы и щхьэхуитыныгъэр ихъумэжыну утыку зэрихьам дэ дримытелъхьэнкIэ Iэмал иIэтэкъым.

ИкIи нобэ абы иIэ хъуа псэукIэр щыхьэт тохъуэ лъэпкъ нэхъ мащIэ дыдэми езым и хуитыныгъэ зэриIэжым, и щхьэ и унафэ ищIыжыну зэрыхузэфIэкIынум. Нэхъ пэжу жыпIэмэ, ар абхъаз лъэпкъым и закъуэтэкъым зи зауэр, атIэ Кавказ Ищхъэрэм лъэпкъыу исым жьэхэуэрт, арагъэнщ апхуэдэу зыкъызэдащтэу Апсным къыщIихьари, я мурад къащIехъулIари.

## Лъэпкъ мащIэм и къару лъэщ

ФОКIАДЭМ и 30-м и пщыхьэщхьэм «Динамо» стадионым щекIуэкIа концертым Абхъазым цIыхуу исыр къекIуэлIами ярейт. Абы щызэхуэсат цIыху миниблым щIигъу. ХьэщIэхэри бысымхэри зыпэплъэ концертым и пэ къиихуэу псоми телъыджэ ящыхъуа, зауэр къызэрыхъеямрэ лIыгъэшхуэ къызыкъуэкIа абхъаз лъэпкъыр абы зэрыщытекIуамрэ теухуа театр теплъэгъуэр топджэгупIэ губгъуэшхуэм щекIуэкIащ. Экраным къридзэ сурэтхэмрэ утыкум къихьа цIыхухэмрэ къагъэлъагъуэ зыгъэпсэхупIэ нэхъыфIу ялъытэ Абхъаз хэгъэгум и мамыр гъащIэр. Унагъуэхэм зэгъусэу хы ФIыцIэ Iуфэм къыщакIухь, зыгъэпсэхуакIуэхэр куэдщи, дэрэжэгъуэр къебэкIыу сурэтхэр зытрагъэх, лIыжь зэхуэзахэр зэщIоупщIэ, нанэхэр тетIысхьэпIэхэм щызэдоуэршэр, ныбжьыщIэхэр гупурэ уэрамым щызэдоджэгу, нысашэ йокIуэкI, хы Iуфэм цIыхубэр щыкуэдщ.

Бийм къахуищIа мурад бзаджэм къекъутэ апхуэдэ теплъэгъуэр, мафIэ лыгъеймрэ Iугъуэ фIыцIэмрэ экраным къыщридзэм щыгъын фIыцIэкIэ хуэпа, IэщэкIэ зэщIэузэда цIыху гупышхуэр макъамэ шынагъуэм щIэту утыку къохьэ. Бий хьэщхьэрыIуэм зыхуэзэ псори иIубыж щIыкIэу къафэ мыгурыхьхэр егъэлъагъуэ. Абыхэм къапэува, фащэ хужькIэ хуэпа къэфакIуэхэм Апсным и цIыху хейхэм, зауэм хуэмыхьэзырхэм, щтэIэщтаблэхэм я образырщ ягъэлъагъуэр. ЗэпэщIэувэныгъэр гуащIэу йокIуэкI, абхъазхэм зэрыхъукIэ зэрызахъумэжыным иужь итщ, куржыхэр йобгъэрыкIуэ, хагъащIэр куэдщ. Абдежым, макъамэ шынагъуэм нэхъ гуакIуэкIэ зызэрехъуэкIри, стадионым и лъэныкъуиплIымкIэ фащэ зэкIужкIэ хуэпа дэIэпыкъуэгъухэр къохутэ. КъэфакIуэ щIалэхэм я щхьэр Iэтауэ, гушхуауэ утыкум къохьэ - Къэбэрдей-Балъкъэ-рым и бэракъыр зыIыгъ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблыр, Адыгэ Республикэм и бэракъыр зыIэщIэлъ «Налмэс» къэрал академическэ ансамблыр, Къэрэшей-Шэрджэсым и ныпыр зи гъуазэ «Меркурий» ансамблыр, Осетие Ипщэм и бэракъыр зыдэхуарзэ «Симд» къэфакIуэ гупыр.

Абхъазым и «ШаратIын» ансамблыр яхэтыжу, щыгъын фIыцIэ зыщыгъ гупышхуэр лъэрыщIыкI ящI, зэкъуэшхэм я гуфIэгъуэм кIэ иIэкъым, экранымкIэ къагъэлъагъуэ зауэр зэриухыу АР-м и япэ Президент Ардзинбэ Владислав телевиденэмкIэ цIыхубэм зэрызахуигъэзар, я къуэшхэм фIыщIэ ин зэрахуищIар. А гуп дахэр утыкум щызэхэтыху экраным къредзэ зауэ мыгъуэжьым зи щхьэ хэзылъхьа абхъазхэм, адыгэ, шэшэн, осетин, урыс, нэгъуэщI лъэпкъхэм ящыщ щIалэхэм я сурэтхэр. 1992 гъэм лей къызытехьа лъэпкъ мащIэм къару лъэщ хуэхъуа и къуэшхэм нобэ фащэкIэ, къафэкIэ, пшыналъэкIэ ТекIуэныгъэр ягъэбжьыфIэрт. Япэу утыкум зыкъыщегъэлъагъуэ Моисеев Игорь и цIэр зезыхьэ къэфакIуэ гупым, иужькIэ чэзууэ къуэш республикэхэм я къэфакIуэхэр къохьэ.

КъБР-м и «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблыр къыщригъэблагъэм, пшыхьыр езыгъэкIуэкI артист цIэрыIуэ Манаргия Алхас жиIащ гупым и балетмейстер нэхъыщхьэ Битокъу Аслъэнбэч Къэбэрдейм икIыу Куржы-Абхъаз зауэм кIуа япэ гупым зэрахэтар: «Зауэ губгъуэм щихьэм, «Уэрыншэу «Кабардинка»-р дауэ хъуну?», - жаIэу Аслъэнбэч щеупщIым (ар абы щыгъуэм ансамблым и солист пажэт), «Къэфэн къагъуэтынщ, зауэлI диIарэт», - зэрыжиIар нобэми ди щIэблэм я гъуазэщ! Битокъур ТекIуэныгъэм и махуэр къэсыху зауэлI хахуэу щыIащ ди деж, и хэкужь игъэзэжри, и ансамблми яхыхьэжауэ иджыри мэлажьэ!»

А псалъэхэм яужь уардэрэ зэкIужу «Кабардинка»-м «Уэркъ къафэр» игъэзэщIащ. Абы иужькIэ хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэр абхъазхэм зэракъуэувам и щыхьэту, Иорданием щыIэ «Кавказ» къэфакIуэ гупыр утыку къохьэ икIи ди лъэпкъэгъу хэхэсхэм къабгъэдэкIыу адыгэбзэ дахэкIэ абхъазхэм яхуэгъэза хъуэхъур къоIу.

Дэтхэнэ ансамблми и дахагъымрэ бжьыфIагъымрэ ягъэлъэгъуащ а пщыхьэщхьэм. Концертым и кIэухыу АР-м, Урысей Федерацэм я цIыхубэ уэрэджыIакIуэ Герзмавэ Хиблэ игъэзэщIа «Си Абхъаз» уэрэдыщIэр жиIащ, хьэщIэхэми бысымхэми я псэр итхьэкъуауэ. Апсным и гуфIэгъуэр нэхъри иIэтырт концерт нэужьым уэгум ираутIыпщхьа хьэрэкIытIэхэм.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**
*Налшык - Сыхъум - Налшык*





















*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*




● Интернетым дыкъыщоджэ

# ЕгъэджакIуэмрэ щIалэ цIыкIумрэ

**Гъэ еджэгъуэщIэм щIидзэжри, класс унафэщIыр щIыхьащ 6-нэ класс хъуа цIыкIухэр зыщIэс пэшым. Дэтхэнэми я нэгу зырызэ иплъа егъэджакIуэр сабийхэм ехъуэхъури, псори зэхуэдэу фIыуэ зэрилъагъур жиIащ. Ар пцIыт, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, фэджэладжэу хуэпарэ зызэкIуэцIигъэпщхьауэ иужь партэм дэс щIалэ цIыкIур фIыуэ илъагъуртэкъым абы.**

А КЛАССЫР къыщратам, егъэджакIуэм гу лъитащ а щIалэ цIыкIур адрейхэм зэрадэмыджэгум, и щыгъынхэр сыт щыгъуи зэрыфIейм, зэрызимытхьэщIым. КIуэ пэтми, а тIум я зэхущытыкIэр екIакIуэрт, щIалэ цIыкIум итха сочиненэр шакъэ плъыжь фIэкIа умылъагъуу егъэджакIуэм зэригъэзэхуэжу, «1» щыхуигъэуваи къэхъуащ.

Школым и унафэщIым егъэджакIуэхэр зэхуишэсри, щхьэж и нэIэ щIэт сабийхэм я «шыфэлIыфэр» зэрыт дэфтэрхэр ягъэхьэзырыну унафэ яхуищIащ. Зи гугъу тщIы егъэджакIуэм, классым щIэс псоми я дуней тетыкIэр, еджэкIэр итхри, щIалэ зэхэуфIея цIыкIур иужь къригъэнащ. Сыт итхынур? ЕгъэджакIуэм мурад ищIащ ар школым къызэрыщIэтIысхьэрэ езыгъэджахэм ятхахэр щIипщытыкIыну. А сабийхэр къыщыщIэтIысхьагъащIэм зыIыгъам щIалэ цIыкIум щхьэкIэ етх: «И нэгум кърих гуапагъэм хуэдэщ игукIи. Унэ лэжьыгъэхэр пэжу, къабзэлъабзэу ещIыж. Гухэхъуэщ ар ебгъэджэну». ЕтIуанэ классым и егъэджакIуэу щытам етх: «Мы щIалэр адрейхэм сыт и лъэныкъуэкIи къахощ, фIыуэ йоджэ, ныбжьэгъу и куэдщ». Ещанэ классым езыгъэджам етх: «ЩIалэ цIыкIур гурыхуэщ, и адэ-анэр хъарзынэу къыкIэлъоплъ. Еджэным хуэжыджэрщ». ЕплIанэ классым зыIыгъам етх: «ФIыуэ еджэу, къабзэлъабзэу щытащ. Ауэ и анэр лIа нэужь, и гукъыдэжыр ехуэхащ, и адэр къызэрыкIэлъыплъ щIагъуэ щыIэкъым». Абы къыкIэлъыкIуэм итхащ: «Еджэным гукъыдэж лъэпкъ хуиIэкъым, ныбжьэгъу и гъусэкъым, дерсым щыщIэжеиххь куэдрэ къохъу».

А псоми къеджа егъэджакIуэм и нэпсхэр къыщIэлъэдащ, щIалэ цIыкIум гулъытэ зэрыхуимыщIар игу щIыхьащ...

ЕгъэджакIуэм и махуэр къыщыблагъэм, псоми тыгъэ гъэщIэрэщIа цIыкIухэр къыхуахьат езыгъаджэм, щIалэ цIыкIум тхылъымпIэ гъуабжэм кIуэцIилъхьэри, зи мыщIэхэр имысыж Iэпщэхъурэ мащIэ дыдэ фIэкIа къызэрымынэжа дыхурэ къыхуихьащ. Ар зылъэгъуа адрей сабийхэр щыдыхьэшхащ щIалэ цIыкIум, ауэ егъэджакIуэм Iэпщэхъур зрилъхьэщ, дыхум щыщ зытриутхэри, абы нэхъ тыгъэфI зэи къызэрыхуамыщIар жиIащ. Урок нэужьым, щIалэм иужь зыкъригъанэри, егъэджакIуэм бгъэдыхьащ: «Нобэ си анэм урещхьщ, уогуфIэ, и Iэпщэхъур уилъщ, къыкIэрихыу щыта дыхумэм хуэдэ къыпкIэрех».

Абы иужькIэ егъэджакIуэм гуапагъэм, дахагъэм хуигъасэу щIидзащ и еджакIуэхэр. Абыхэм школыр къыщаухым, щIалэ цIыкIурат нэхъыфI дыдэу еджауэ, псори зыхуэарэзыуэ, нэхъ жыджэру яхэтыр. Псори зэхуэдэу фIыуэ зылъагъуу жызыIэ егъэджакIуэм пцIы иупсырт, а щIалэм псом нэхърэ нэхъ хуэгуапэт.

... ЕгъэджакIуэм гъэ къэс къыIэрыхьэрт щIалэм и письмо. Ар университетым щIэтIысхьат, адэкIи аспирантурэр къиухат, иужькIэ егъэджакIуэм къыхуэкIуа письмохэм языхэзым итт ар щIэныгъэхэм я доктор зэрыхъуар.

Зы махуэ гуэрым егъэджакIуэм егъэблагъэ тхылъ къыIэрыхьащ - щIалэм щхьэгъусэ къишэрт. Абы школакIуэм къритауэ щыта Iэпщэхъур зрилъхьэщ, а дыхум хуэдэ зытриутхэри, кIуащ. Анэр здэщыс хабзэм деж и егъэджакIуэр игъэтIысри жриIащ: «Тхьэм уигъэпсэу, гу къыслъыптэу, дунейм и IэфIыр зыхэсщIэнымкIэ, си зэфIэкIыр къызгурыIуэжынымкIэ, си гъащIэ гъуэгум сыщымылъэпэрэпэнымкIэ сэбэп укъэзэрысхуэхъуам щхьэкIэ».

- Хьэуэ, уэращ сэбэп къысхуэхъуар, уэ укъэсцIыхуа нэужькIэщ сабийхэр зэрезгъэджэну щIыкIэр къыщызгурыIуар, - итащ жэуап егъэджакIуэм.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

● IутIыж Борис и фэеплъу

# Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ

**Адыгэ тхакIуэ, усакIуэ, драматург IутIыж Борис Къуней и къуэр Шэрэдж районым хыхьэ Зэрэгъыж къуажэм 1940 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м къыщалъхуащ. БалигъыпIэ иувэху и гъащIэр къуажэм щигъэкIуащ, абы курыт еджапIэр къыщиухащ.**



БОРИС дзэм илъэсищкIэ къулыкъу щищIащ. 1963 - 1968 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм щеджащ. Университетыр къызэриухыу, IутIыжыр Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэм щылэжьэну ягъэуващ икIи илъэс 22-кIэ а IэнатIэм пэрытащ. А зэманым къриубыдэу Борис къиухащ бзэ щIэныгъэхэмкIэ Тбилиси дэт институтым и аспирантурэр. А институт дыдэм щыпхигъэкIащ и кандидат диссертацэри. Адыгэбзэм ехьэлIауэ абы къыдигъэкIащ монографие, тхылъхэр, тхыгъэ щхьэхуэхэр, апхуэдэуи ар елэжьащ псалъалъэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэхэлъхьэным.

Борис егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ институтым (Налшык къалэ) лъэпкъыбзэхэмрэ лъэпкъ литературэхэмкIэ и кафедрэм и унафэщIу лэжьащ.

1991 гъэм IутIыжыр хахащ «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэу икIи 2008 гъэ пщIондэ, дунейм ехыжыху, а къулыкъу мытыншыр абы ирихьэкIащ.

IутIыж Борис дэзыхьэхыу, нэхъыбэу зыхэлэжьыхьу щытар лъэпкъ драматургиерщ. Абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ пьесэу пщIы бжыгъэхэр. Ахэр ди Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и мызакъуэу, щагъэуващ Адыгейми, Къэрэшей-Шэрджэсми, Дагъыстэнми. Борис и «Тыргъэтауэ» драмэр Москва щагъэлъэгъуащ, хьэрыпыбзэкIи зэрадзэкIри, Щам тхылъуи къыщыдагъэкIат икIи абы къытращIыкIа спектаклри щагъэлъэгъуат. «Дамэлейр» Тыркум и къалащхьэ Истамбыл щагъэуващ.

ЦIэрыIуэ хъуа драматург тхыгъэхэм къадэкIуэу, Борис и къалэмыпэм къыщIэкIащ радиомрэ телевиденэмрэ папщIэ итха сценарийхэри. Жанр зэхуэмыдэхэм зыкъызэрыщигъэлъэгъуам и щапхъэщ абы и поэмэхэр, новеллэхэр, усэхэр, гушыIэхэр, рассказхэр, нэгъуэщIхэри.

А псом къадэкIуэу ар сурэтыщI Iэзэт, скульптор IэкIуэлъакIуэт, зэфIэкI зиIэ щIэныгъэлIт. Абы хуэфащэ дыдэу къыфIащат «УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэхэр.

### УсакIуэ

**Мэчэм хуопIащIэ пилигримыр**
**ЩигъэтIылъыну щхьэщэгъафIэ...**
**Сэ - шылэхъарыр зэпэщимэу -**
**Шэрэдж таурыхъым сыкъыщофэ.**

**Мэпсыпс акъужьри, уэгу**
**нэджащIэм**
**КIуэсэжа псэхэр къыщохъуэпскI,**
**Дзапэ уэрэдкIэ зэдэхащIэу**
**Тхьэ псынэм хурхэм**
**зыщагъэпскI.**

**ПцIы къуэлэн дахэр ешэкIауэ,**
**КъыхокI ахъшэмым уи Мэзгуащэ,**
**Шыгъуэ кIэщI кIуэру зричауэ,**
**Хохьэж бжей мэзым уи**
**шыIэжьэ.**

**Абрэмывэжьхэр тхыдэ куэщIу,**
**Псыхэгъэ ещIыр Тыргъэтауэ;**
**Щхъухьыбжьэ фалъэр бжьэпэтещIэу -**
**Нарт Бэдынокъуэ ехь псэдауэ.**
**......................................**
**МэкIуэщI мазэпсэр - гур мэпсысэ, -**
**Жэщ шэмыгъапцIэр йокIуэсыкI.**

**Мес, Кхъужьеилъэм, данлъэч кусэу,**
**Уи Дахэнагъуэ щхьэщосыкI!**

**Гухьэрыр похури - Гъуэбжэгъуэщу,**
**Сатушы лъапэ хелъэсэж -**
**Зэрэгъыж жэпыр къыспыщэщу,**
**Зы бжьыхьэ пшагъуэ согъэзэж...**

**Блын щIыIэмылхэр зэблокIуэтри,**
**Къытохьэ Нурэ Щыгужь къатым -**
**Щолэхъу хужьыпсыр йолъ...**
**ЩIолъэтри -**
**УсфIыхехьэжыр гъейрэт гъадэм...**

КЪАРМЭ Iэсият.

● Лермонтов Михаил и фэеплъу



# «Гъусэ сщIыуэ есшэжьа си гъуэгур»

Жэпуэгъуэм и 4-р усакIуэшхуэ, адыгэхэм я къан Лермонтов Михаил къыщалъхуа махуэщ. Урыс-Кавказ зауэм сэлэту хэтами, тхакIуэм сатыр дахэ куэд къызэринэкIащ ди щIыналъэм а лъэхъэнэм щекIуэкIа гъащIэр уи нэгу къыщIигъэхьэу, ди лъэпкъэгъухэм ядилъэгъуа дахагъэм уригъэхъуапсэу. Зи гугъу тщIыхэм я щапхъэщ абы и повесть цIэрыIуэ «Ди зэманым и лIыхъужьыр», и поэмэхэу «Измаил-бей», «Бэстунджы жылэ», «Шэрджэсхэр», «Мцыри», и усэхэу «Кавказ», «Тэрч и тыгъэхэр», къинэмыщIхэр. Нобэ ди гуапэу фи пащхьэ идолъхьэ КъШР-м щыщ усакIуэ, журналист Бемырзэ Зураб Лермонтовым и усэхэм ящыщу зэридзэкIахэм яз: «Гъусэ сщIыуэ есшэжьа си гъуэгур» («Выхожу один я на дорогу»).

**ЛЕРМОНТОВ Михаил**

* * *

**Гъусэ сщIыуэ есшэжьа си гъуэгур,**
**Мывэ джафэу, пшагъуэм пхолыдыкI,**
**Жэщыр уэмщ. Хоплъызэр къумыр уэгум,**
**Вагъуэхэр уэршэру сщхьэщосыкI.**

**Телъыджащэ уафэр и тепIэну,**
**Нэхупс къащхъуэм хожеикI дунейр...**
**АтIэ сыт гугъумыгъу зэхэзещхъуэну,**
**Къыстехьэлъэу, нобэ сызыхуейр?**

**Сыпэплъэжкъым зыкIи сэ мы гъащIэм,**
**СхублэкIами сыхущIемыгъуэж;**
**Зы тыншыгъуэ хуиту зыхезгъащIэу,**
**Псэр згъэщхьэукъуэну сыхуозэш.**

**Арми, ахърэт жейкъым си хъуэпсапIэр...**
**Псэр езгъэжьэжынуи сыхуэмей,**
**ГъащIэ къуэпсхэм си бгъэр я бэуапIэу,**
**Щэхуу сыжеину аркъудейщ.**

**Жэщыр блэкIми, махуэми сигъафIэу,**
**Къысхуеблагъэу гъащIэр лъагъунлъагъу,**
**Дунеягъэр тхьэмпэу схуэуфафэу,**
**СыщIэлъыну уэму жыгей щIагъ.**

● Псалъэ Iущхэр

# Iуэху пщIыр Iуэху мэхъу

**♦Дыжэф пцIанэ хъуркъым.**
**♦ЗыщI нэхърэ еплъ нэхъ Iэзэщ.**
**♦Дыщэр и Iэм къыпощ.**
**♦Улажьэу ушхэжын нэхъыфI щыIэкъым.**
**♦Зы мэлыфэ тIэу трахыркъым.**
**♦Хамэ Iэр Iэгъэзагъэ щхьэкIэ, гугъэзагъэкъым.**
**♦Дзыгъуэ пэтрэ щIымахуэм хуогъэтIылъэ.**
**♦Гурэ гурэ лъагъуэ зэхуаIэщ.**
**♦Хамэ ущие тхьэмахуэщ, хабзэ хьэху махуищщ.**
**♦Iуэху пщIыр Iуэху мэхъу.**
**♦ЗылъэмыкI IэфракIэ и Iыхьэщ.**
**♦Насыпыр щагуэшым дурэшым дэсащ.**
**♦Нэгъуеипщ нэхъей, и закъуэ мэшхэж.**
**♦Хамэр гъэшэраши, унэр гъэшэрыуэ.**
**♦Гурыщхъуэ нэрыщхъуэ ухуешэ.**
**♦Зы мафIэ хъуаскIэм жылэ псор къресэкI.**
**♦Гуэн нэщI щыIэщи, хадэ нэщI щыIэкъым.**
**♦Емызэш мэшыбэ ещIэ.**
**♦ЗекIуэ и вакъэ лажьэркъым.**
**♦ЗыщI нэхърэ еплъ нэхъ Iэзэщ.**
**♦ХамэIэ Iэгъэпсэху щхьэкIэ, гу гъэпсэхукъым.**
**♦Хьэмтетыгъуэ гъаблэ щыIэкъым.**

● Мысостышхуэ Пщызэбий и фэеплъу

# Езэш ищIэртэкъым

**Пщызэбий си къуажэгъу къудейкъым, дызэгъунэгъут, дызэхьэблэт. И сабиигъуэр гугъуу зэрыщытари сощIэ.**



«КЪАРДЭНГЪУЩI Зырамыку къыщалъхуа къуажэм, хьэблэм укъыщыхъуауэ гъуэгу пхэнж утеувэ хъунт, - жиIэрт Пщызэбий. - Си щхьэр лъагэу солъагъуж ди къуажэм къыдэкIа цIыху гъуэзэджэхэр си ныбжьэгъуу, садэлажьэу зэрыщытам. Акъсырэ Залымхъан, Сонэхэ Башир, Мухьэрбий, Болэ Мурат, Щхьэгъэпсо Мухьэмэд, Къардэн Борис, ШэрыIужь Анатолэ, Мэкъуауэ Николай - абыхэм ящыщ дэтхэнэри къащти, къуажэм, лъэпкъым куэд яхуэзыщIа цIыхущ».

Пщызэбий и творчествэм и гугъу сщIынкъым. Абы зэчиишхуэ зэрыбгъэдэлъар псоми ящIэ, ауэ, итIани, ар Шолоховым и «ЩIыщIэ къэIэтам» зэрыщыджэгуам теухуауэ зы псалъэ жызмыIэу сигу зэгъэнукъым. Спектаклым хэт лIыхъужь нэхъыщхьэм, Давыдовым, и ролыр абы апхуэдизкIэ уи фIэщ хъууэ, гунэсу игъэзэщIати, а зы лэжьыгъэ закъуэм щхьэкIэ Урысейм и цIыхубэ артист цIэр фIэпщ хъунт. Си закъуэтэкъым апхуэдэу абы егупсысыр.

Пщызэбий гу щабэ зиIэ, хьэл-щэн дахэ зыхэлъ цIыху пэжт, зи псалъэм тебгъуэтэж адыгэлIт. И къуажэгъум, дэнэ щыщ адыгэми фIы къехъулIэмэ, щыгуфIыкIырт. Абы и гум ежалIэрт и лъэпкъым, и адэжь щIыналъэм ятеухуауэ Iуэху мыхъумыщIэ, мыщхьэпэ гуэр къэхъуамэ. Иригузавэрт зэгуэрым уей-уей жезыгъэIэу щыта Мысостышхуэ Былэ сымэ хуэдэхэм къаIэта я къуажэжьым и пщIэр нобэ зэрехуэхым. Игу къемыуэу къанэртэкъым ди щхьэ, ди хабзэ, ди лъэпкъ Iуэху тэмэму зэрызедмыхуэжыфыр. Пщызэбий щIэхъуэпсырт Псыгуэнсум цIэрэ щхьэрэ зиIэу къыдэкIар зэщIигъэуIуэу ар нобэ зэрыт щытыкIэ гугъум къиша зэрыхъуным тригъэпсэлъыхьыну, и жылэжьым дэсхэм ятелъ гугъуехьхэр ящыгъэпсынщIэнымкIэ Iуэхугъуэ пыухыкIа илэжьыну.

Пщызэбий теухуауэ жыпIэныр гъунэжщ. Си щхьэкIэ срогушхуэ апхуэдэ цIыху щэджащэ Псыгуэнсум къызэрыдэкIам, лъэпкъым къызэрыхэкIам.

**МЫЗ Ахьмэд,**
*тхакIуэ.*

● ФщIэуэ пIэрэ?

# ЕджэкIэми куэд елъытащ

**♦Горький Максим зы дакъикъэм псалъэ миниплI къеджэфырт.**
**♦Сталиным зы махуэм напэкIуэцI 400 щIиджыкIырт, икIи ар нэхъ мащIэ дыдэу зэджэрауэ жиIэрт.**
**♦Эдисон Томас сатыритI-щым занщIэу къеджэрт. Ар апхуэдизкIэ гурыхуэти, зэджэр напэкIуэцI зырызу зригъащIэм хуэдэт.**
**♦ПсынщIэу тхылъ ущеджэкIэ нэхэр нэхъ мащIэущ зэрезэшыр, хуэму ущеджэм нэхърэ. ЦIыхухэм я процентри 5,95-р хуэм дыдэущ тхылъ зэреджэр - зы дакъикъэм псалъи 180 - 220-рэ къеджэфу аращ (зы напэкIуэцIыр дакъикъэ 1,5 - 2-м щIаджыкI).**
**♦УмыпIащIэу текстым укъеджэмэ, къыбгурыIуэр процент 60-щ, псынщIэу укъеджэмэ, процент 80-м нэс къыбгуроIуэ.**
**♦Бальзак Оноре романхэр щыщIиджыкIым деж сыхьэт ныкъуэм напэкIуэцI 200-р зригъэтIылъэкIырт.**
**♦Гаон Элиягу зэджа тхылъхэм ящыщу 2500-р зы псалъэ зэмыхъуэкIауэ гукIэ къыбжиIэжыфырт.**
**♦Рубакин Николай тхылъ мин 250-рэ щIиджыкIащ.**
**♦Наполеон зы дакъикъэм псалъэ минитI къеджэфырт.**

● Темыркъан Юрий и илъэс



Темыркъан Юрий композитор Петров Андрей и шарж ищIауэ езым ирегъэлъагъуж. *1978 гъэ*

● Шхынытъуэхэр

### КIэртIоф зыдэлъ псыхьэлывэ

КIэртIоф укъэбзар псывэм халъхьэ, шыгъу хадзэри, шыуаныщхьэр тепIауэ хьэзыр хъуху ягъавэ. Ва нэужь и псыр щIагъэжри, щабэ хъуху яуб, итIанэ бжьын гъэлыбжьа, шыбжий плъыжь сыр, тхъу, шыгъу, джэдгын халъхьэ - псори фIыуэ зэIащIэ. КIэртIофыр вэху, тхьэвыр ягъэхьэзыр: абы щхьэкIэ псы хуабэм шыгъу хадзэ, шхурэ шатэрэ хакIэри фIыуэ зэIащIэ. АдэкIэ гуэдз хьэжыгъэ ухуэнщIар тепщэчым иракIутэ, и кур къратхъу, абы псы зэхэщIар иракIэри, тхьэвыр быдэ хъуху япщ, хьэжыгъэ тIэкIу и щхьэм трагъэщэщэжри, зэхэшыпсыхьын щхьэкIэ дакъикъэ 15 - 20-кIэ щагъэт. ИтIанэ тхьэвыр хупхъэкIэ яху, и Iувагъыр мм 5 - 6 хъууэ, хъурей цIыкIуурэ къыхагъэж, абы и щIыIум кIэртIоф пIастэр тралъхьэ, мазэ ныкъуэм ещхьу тхьэв кIапэхэр зэкIэрагъапщIэ, шыуаным ит псы къэкъуалъэм халъхьэри ягъавэ. ЧымчыркIэ къыхахыж, тепщэчым иралъхьэри, шатэ тракIэж. Пщтыру яшх.

***Халъхьэхэр:***
***Тхьэвым:***
Гуэдз хьэжыгъэу - грамм 600
Зэрапщ псыуэ - грамм 200
ДжэдыкIэ цIынэу - 1
Шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.
***Хьэлывэм дэлъынур:***
КIэртIоф укъэбзауэ - грамм 700
Бжьыныщхьэ укъэбзауэ - граммі 150-рэ
Тхъууэ - граммі 100
Шатэу - грамм 75-рэ
Шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

### Джэш хужьым къыхэщIыкIа лыбжьэ

Джэшыр зэхащыпыкI, псы хуабэпцIыкIэ ялъэс, шыуаным ит псы щIыIэм хакIутэри, мафIэр ину блэуэ зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. МафIэр ирашэхыжри, шыуаныщхьэр тепIауэ ягъавэ, джэшыр ныкъуэвэфI хъуху, шыгъу хадзэри, тхъурымбэр къытрахыурэ, хьэзыр хъуху ягъавэ. Джэшыр варэ и псыр щIэмывэщIамэ, ар ирамыкIуту зыщIыпIэ иракIэ. Джэш ва шыуаным илъыр, псы къыщIагъэжар тIэкIу-тIэкIурэ щIакIэурэ, бэлагъкIэ яуб, хъудыр хъуху. Джэш убам, зэIащIэурэ, шатэпс хакIэ, пэшхьэкум трагъэувэри, зэIащIэурэ мафIэ щабэкIэ къагъавэ, зыхуей Iувагъым хуэдэ хъуху. Хьэзыр хъуа иужь абы и щхьэм тхъу къытредзэ. Абы тхъукIэ гъэлыбжьа бжьын халъхьэри, шыуаныщхьэр тепIауэ дакъикъи 3 - 5-кIэ къагъавэ, мэ дахэ, IэфI къыщIыхьэн щхьэкIэ. Пщтыру тепщэчым иралъхьэри, Iэнэм трагъэувэ. Чыржын, пIастэ, мэжаджэ, щIакхъуэ дашх.

***Халъхьэхэр (цIыхуиплI Iыхьэ):***
Джэш хужьу - грамм 400
Джэшыр зэрагъэвэну псыуэ - грамм 1000
Бжьыныщхьэ укъэбзауэ - граммі 100
Тхъууэ - граммі 100
Шатэпсу - грамм 350-рэ
Шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

***«Адыгэ шхынытъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.***

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Къумахуэ Аслъэн, ЩхьэщэмыщI Изэ.



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта IуэхугъуэхэмкIэ я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 12

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Джатокъуэ Залинэ, редактору ЖьэкIэмыхъу Маринэ, корректорхэу Щоджэн Заирэ (3, 4-нэ нап.), Щоджэн Иннэ (1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Нэужьокъуэ Заирэ. КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.108 ●Заказ №1029